

## SÈVIS KI DISPONIB POU VIKTIM TRAFIK YO

DOL ka ede viktim trafik moun yo, kèlkeswa estati imigrasyon yo, lè yo bay plizyè sèvis oswa referans pou òganizasyon kominotè yo.

Sèvis ki disponib yo gen ladan:

- Lojman tanporè ijans
- Manje ak lòt bezwen debaz
- Rekiperasyon salè ki pa peye
- Plasman ak fòmasyon konpetans travay
- Imigrasyon ak asistans legal
- Ede avèk etablisman rezidans pèmanan nan Etazini
- Sèvis sante fizik ak mantal
- Konsèy
- Ede pou jwenn aksè nan benefis piblik eta ak federal
- Entèpretasyon ak tradiksyon
- Aksyon kriminel ak/oswa sivil kont moun k ap fè trafik la



Pou rapòte ka sispèk trafik moun, kontakte:

**Depatman Travay Eta Nouyòk  
Biwo ki Responsab Respè Règleman  
yo ak Edikasyon (yo te konnen l sou non  
Biwo Règleman ak Zafè Imigran)**

Telefòn: **877-466-9757**

Imel: [trafficking@labor.ny.gov](mailto:trafficking@labor.ny.gov)

Sit entènèt: [www.labor.ny.gov/immigrants](http://www.labor.ny.gov/immigrants)

**Trafik Nasyonal Moun  
Sant Resous:**

Telefòn: **888-373-7888**

**Lòt Resous:**

**Pwojè Polaris:** [www.polarisproject.org](http://www.polarisproject.org)

**Lè gen yon ijans, rele 911 tousuit.**



# TRAVAY FÒSE SE YON KRIM

## ÈD POU VIKTIM TRAFIK MOUN

**WE ARE YOUR DOL**



Department  
of Labor

[f](#) [t](#) [i](#) [i](#) [v](#) @nyslabor | [www.labor.ny.gov](http://www.labor.ny.gov)  
**1-888-469-7365**

Ministè Travay Eta Nouyòk se yon Enstitisyon/Pwogram ki bay tout moun menm Posibilite nan Kesyon Travay. Èd ak sèvis oksilyè disponib si w mande e yo gratis pou moun ki gen andikap TTY/TDD 711 or 1-800-662-1220 (Anglè) / 1-877-662-4886.

P744 HC (02/24)

**WE ARE YOUR DOL**



Department  
of Labor

## KISA TRAVAY FÒSE YE?

Travay Fòse, yo konnen tou tankou “Trafik Moun,” se yon krim grav. Viktim trafik yo ka pa konprann sa kap pase yo a ilegal e gen èd ki disponib.

**Trafik travay rive lè yon moun itilize fòs, magouy oswa presyon pou fòse yon lòt moun travay kont volonte yo.**

**FÒS:** Menas vyolans fizik, oswa vyolans fizik ki fèt vre, kont yon travayè oswa fanmi yo.

**MAGOUY:** Yon fo pwomès moun k ap fè trafik la pa gen entansyon reyalize, tankou pwomès yon kat rezidans oswa lajan.

**KRENT:** Yon menas ki fèt pou anpeche yon moun pou travay, tankou yon menas pou rele imigrasyon oswa lapolis epi akize l pou yon krim li pa fè , oswa deklare yon moun dwe travay pou peye yon dèt san se pa vre.

Moun k ap fè trafik yo itilize **laperèz, entimidasyon, abi, ak taktik sikolojik** pou kontwole viktim yo, tankou:

**ABI NAN DOMÈN EMOSYONÈL:** Imilye travayè a devan lòt moun, ba li non, fè viktim nan santi li koupab epi blame l pou sitiyasyon an. Moun k ap fè trafik yo ka konsidere privilèj yo tou baze sou sèks, laj, oswa nasyonalite pou yo ka parèt siperyè. Kontrèman, moun k ap fè trafik yo ka felisite travayè a tou, fè yo konnen yo konte sou yo, oswa di travayè a li se sèl moun ki sousye oswa moun ki pral ba l yon travay, kidonk yo dwe rekonesan pou moun k ap fè trafik la.

**IZOLASYON AK KONTWÒL:** Moun k ap fè trafik yo ka di travayè yo pa dwe pale avèk okenn moun de sa, toujou ap siveye travayè a pa telefòn oswa kamera, oswa montre zam epi revandike aksè lapolis pou entimide yo. Moun k ap fè trafik yo ka limite tou aksè travayè a nan lajan pou kreye depandans lè yo peye detanzantan, tou piti, oswa yo pa peye ditou.

## IDANTIFYE TRAFIK KI KA FÈT

Trafik moun ka rive nan plizyè endistri, sa ki gen ladan:

- Faktori yo, tankou faktori rad
- Agrikilti oswa Jaden
- Konstriksyon
- Kay prive (egzanp, moun kap okipe timoun ak menaje)
- Restoran, ba, otèl oswa lòt endistri sèvis
- Fi kap danse nan klèb, pwostitasyon nan lari, fo salon masaj, sèvis eskòt, bòdèl, elt.

Yon moun ka yon viktim trafik moun si li:

- Pa ka annik ale vini
- Pa gen kontwòl sou pwòp dokiman idantifikasyon yo oswa lajan
- Pa touche oswa yo touche yon ti kras lajan
- Travay èdtan ki long anpil
- Dwe yon gwo kantite lajan oswa ogmante dèt
- Abite oswa travay yon kote ki gen anpil sekirite oswa ki gen anpil kamera
- Enkyete yon fason inabityèl, soumisyon, deprime, enève oswa ajite
- Gen blesi oswa siy ou pa ka eksplike oswa gen kondisyon sante oswa maladi ki pa trete
- Montre siy abi fizik oswa seksyèl, restriksyon fizik, oswa kontrent oswa tòti

## WÒL DEPATMAN TRAVAY ETA NEW YORK NAN EDE VIKTIM TRAFIK MOUN YO

Depatman Travay gen otorite pou pran plent epi fè ankèt sou vyolasyon sou lwa travay nan New York, tankou salè minimòm, èdtan siplemantè, salè ki pa peye ak dediksyon ilegal. Anketè Depatman Travay yo gen otorite pou antre epi enspekte biznis yo, poze travayè yo yon seri kesyon, epi egzamine dosye pewòl yo. Anplwaye Depatman Travay yo fòme pou idantifye posib trafik an yo. Divizyon Afè ak règleman imigran kowòdone efò pou konbat trafik moun nan Depatman Travay, sa ki gen ladan:

- Bay referans nan Pwogram Repons nan Trafik moun [NY Response to Human Trafficking Program]
- Bay sètifikasyon pou viza U oswa T pou viktim ki elijib pou sèten krim grav kalifye, sa ki gen ladan trafik imen
- Ogmante sansibilizasyon piblik grasa prezantasyon ki fèt pou biznis yo ak kominote a

Si w enterese nan nenpòt nan sèvis nou yo, tanpri Rele Biwo ki Responsab Respè Règleman yo ak Edikasyon (yo te konnen l sou non Biwo Règleman aK Zafè Imigran) gratis nan **877-466-9757** oswa imell [trafficking@labor.ny.gov](mailto:trafficking@labor.ny.gov).

